Pou Piblikasyon Imedya: 12/01/2024 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EKSPANSYON PWOGRAM POU BAY PYÈS IDANTITE ETA YO BAY POU MOUN KI TE NAN PRIZON YO AVAN YO LIBERE

Inisyativ la ede moun yo reyentegre nan sosyete a; diminye rezidivis lè yo retire baryè pou Travay, sèvis ak lojman

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ekspansyon yon pwojè nan kad inisyativ istorik li a ki se 'Soti nan Prizon al Travay' (Jails to Jobs) ki bay kat idantite ki pa pèmi kondewi pou moun ki te libere nan detansyon Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) a. Pwogram nan disponib kounye a nan tout 43 etablisman koreksyonèl Eta a, ak kat idantite ki pa pèmi kondwi yo bay plis pase 700 moun jiska prezan.

"Depi lè siyati istorik Lwa Repati a Zewo (Clean Slate Act) a pou rive etabli nan pwogram Soti nan Prizon al Travay la, administrasyon mwen an pran angajman pou l ede Nouyòkè ki te nan prizon yo retounen sou pye yo epi kontribye nan sosyete a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Genyen dokiman ki valab enpòtan anpil pou patisipe nan sistèm mendèv, edikasyon ak swen sante nou yo. Pwogram sa a pral ede plizyè milye Nouyòkè ki te pije pèn yo anvè sosyete a pran bon chemen an."

Komisè DMV Eta New York la, Mark J.F. Schroeder, te deklare, "Sa a se jis youn nan plizyè fason Gouvènè Hochul ap fè efò pou amelyore lavi tout Nouyòkè yo epi bay plis opòtinite pou tout moun ki rele gwo eta sa a lakay yo. Yon pyè idantite debaz obligatwa pou etabli lojman, jwenn travay ak jwenn aksè ak anpil lòt avantaj enpòtan, men jwenn youn san yon ti èd ka yon travay ki difisil pou moun ki te nan prizon anvan yo. DMV fyè pou l ede gason ak fanm sa yo retounen nan kominote yo epi remèt lavi yo sou yon chemen pozitif."

Komisè pa Entèrim nan Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè Eta New York lan, Daniel F. Martuscello III, te deklare, "Depatman an angaje nan misyon nou an pou amelyore sekirite piblik nan fasilite reyentegrasyon ak siksè ansyen moun ki nan prizon yo nan kominote pa yo, epi jwenn yon idantite eta bay gen yon enpak enpòtan nan retire baryè nan pwosesis sa a. Agrandisman inisyativ sa a nan tout etablisman koreksyonèl Eta New York yo se yon etap ki enpòtan anpil. Mwen felisite vizyon Gouvènè a pou inisyativ Soti nan Prizon al Travay la epi mwen remèsye Depatman Veyikil a motè pou patenarya kontinyèl yo nan pwogram enpòtan sa a."

Inisyativ Soti nan Prizon al Travay Gouvènè Hochul la enkòpore yon seri pwogram ak aksyon Eta ki vize pou ogmante reyentegrasyon nan mendèv la ak diminye residivis lè li konsantre sou konekte moun ki te deja nan prizon ak edikasyon, resous ak opòtinite pou yo jwenn travay. Se DMV ki te dirije pwogram Idantite anvan liberasyon an nan tèt ansanm ak Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (DOCCS). Li te kòmanse sou direksyon Gouvènè a nan mwa avril 2022 nan Etablisman Koreksyon Wyoming nan Attica ak Etablisman Koreksyon Taconic ak Etablisman Koreksyon Bedford Hills la, alafwa nan Konte Westchester.

Anplwaye DOCCS nan etablisman yo ap ede moun ki nan prizon yo rasanble dokiman ki nesesè pou aplike pou yon pyès Idantite epi pran foto pa yo. Yon fwa DMV a trete tranzaksyon an, yo delivre pyès Idantite a dirèkteman nan etablisman koreksyonèl la pou li disponib pou moun nan.

DOCCS travay dirèkteman ak DMV tou pou ede moun ki nan prizon yo ki elijib pou yo renouvle pèmi kondwi yo. Sa pèmèt yo reprann privilèj kondwi yo apre yo fin libere san yo pa bezwen reyaplike nan yon biwo DMV. DMV ak DOCCS te travay ansanm pou asire ke moun ki elijib pou renouvèlman lisans yo ka resevwa egzamen je obligatwa a ak renouvèlman pandan yo toujou nan yon etablisman DOCCS.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU